ГЬУДРУЖБАУЛЛЪИ

90 лет
Газета «Дружба»

№ 52 (10125) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2020 сон. 14 август. /Рузман

« ГЬУДУЛЛЪИ» КАЗИЯТАЛЪУЛ, ЮБИЛЕЯЛДЕ ХIАДУРУЛАГО



*МуртазагIалиев Бадрудин*

**РагIи бегIеразул цебесеб кьерда**
**КьуричIого даим вукIунаан мун**
**ЗахIматал къоязул къваридал сагIтаз**
**Свине течIо дуца газеталъул цIар.**

**Районалда кколеб щибаб ахIвал-хIал**
**ХIисаб гьабулаго лъуна кагътида**
**Гъутабазда бугеб тIолго буголъи**
**Босана къалмикье къимат кьолаго.**

**Сатирагун юмор бегIерги гьабун**
**Гьавадулъ хьвадулел гIодор рачана**
**Пашманлъиялъ ракIал лъукъун къуларал**
**Къадру борхизабун мисаллъун лъуна.**

**Дур пасихIаб калам камилаб рагIи**
**РоцIцIарал пикраби щулиял къасдал**
**Гъваридаб магIна лъун макъалабазулъ**
**Босизе лъарасе хутIана дарслъун.**

# ГЪИРАЯЛДА ЦІАЛУЛААН ГЬАСУЛ МАКЪАЛАБИ

2000 соналъул апрель моцІ. РоцІцІараб къо, рацІцІадал къасдал. 18-абилеб ихалъулъ гІурдада барти гІадинан тирулел хиялал. Дол соназда "Гъудуллъи" газеталъул редакторлъун вукІарав жиндир мунагьал чураяв ШагІбан Лабазановас редакцияде ячІаянги ахІун, рещтІана рагІул устарзаби хІалтІулеб минаялде жание.

"-Жакъа къоялдаса нахъе мун йиго редакциялъул хІалтІухъан, гьаб буго дур кабинетги, гьал руго дур масъалаби",- янги абун Лабазановас дида бихьизабуна секретарь-машинистасул кабинет."Ва амма дуда лъай, гьаб бакI букIин дур махщел лъадарулеб бокIон, хъвадаризе бугеб махщалида балагьун хIалтIи хисизе бегьула, ишан босе мухбирасул ишалде,"-янги абун редактор цевеса ана. Гьоркьоб заманго иналде жаниве вачIана хIалакъабго черхалъул инсан.

"-ЛъикI щварай, нижер кьерулъе,"-ян гьимана дие гьев. "Дида цIар буго Бадрудин. Дунялалъул къварилъабазул бакIлъиялъ мугъ къуланиги, щоларей йокьулелъул пикрабаз бетIер хъахIлъаниги, дунги дурго ригьалъул бахIарчи-гIолохъанчи вугин, божа мун дида",- ян тIаде махсароги гьабуна гьес.

Аваданаб ракIалъул, рагIи бегIерав, гIакълу камилав Бадрудин кидаго хIалае ватулаан журналистасулаб пишаялъул бальголъаби рагьизеги, насихIатал гьаризеги. Таманалго соназ районалъул гIадамазе маян босун кагътида хIисаб кьолеб кинигин, цебе лъолаан гьес росабазул гъутабазда унел ругел колхозазул бугеб ахIвал хIал.

**МухIамадова Загьират:**

«-Дида кутакалда лъикI лъалаан мунагьал чураяв Бадрудин. Щибаб анкьалъ колхозазул бухгалтераз дихъе кьурал отчетазул хIисаб босизе вачIунаан гьев ва дихъан щварал баяназдаса лъикIаб макъалаги гьабулаан гьес. РакIалда кколаан кидаго:"Кинандай бажарулеб гьесда гIицIал цифрабаздаса росарал баяназда тIасан гьадинан бечедго ва цIализе гьира балеб куцалда макъала гIуцIизе абун. Живгоги вукIана гьев махсароги бугев, абулеб, толеб рагIулъ магIнаги бугев, хIакъикъаталдаги рагIул устIарин жинда абизе бегьулев инсан. Гъираялда цIалулаан дица гьесул макъалабиги".

Гьале гьадинаб "Гъираялда цIалулаан дица гьесул макъалаби" абураб калима букIана гIемерисел гIадамазул мацIалда Бадрудинил хIакъалъулъ цо чанго рагIи абейилан рагIи кьедал. Цого жо гIемер такрар гьабиларо "ЛъикIавин, цIакъавин" щивасул мацIалда такрарлъараб рагIиги тун, рагьилин цо чанго "сюжет" хIалтIулал къоязул.

Нижер редакциялъул мина кидаго букIунаан цIорон.

"Саба Меседол гIадаб къисмат букIун бугин дир, тIатIалаго сонаца, щибаб хаселалъ цIер гIадаб гохIда рехун тун вугин. Бугониги дица тIимугъ ретIилин",- абун хинаб хIухьлаца квералги хинлъизарун жувалаан гъваридаб рагIул устар макъала хъвазе. Гьединабго цIорораб къо букIана доб, редакциялъул урхъаниги вихьуларев кочегар циндаго рагьи къотIун ина паркъараб. Чанахъан вихьараб чан гIадинан туркIун вачIана Бадрудин."Ле вас, гьаниве вачIая"-ян ахIи бана гьес. БухIун бахъараб минаялдаса цIа ссвинабизе векерулев "пожарник" гIадин кIанцIун аскIов эхетана къо къалъулелъул, батарейкабаздаса хинлъи кьезе векерулев нижер хIалтIухъанги. Кьижун хутIун ватила ( с кем не бывает).

-Дуда цIар щиб, бахIарчи?

-ЖабрагIил буго.

-Валлагь, цIакъ мекъи ккун ругоха дур умумул.

-Гьеб щай?

-Мун ЖабрагIил гуро, мун ГIизраил вуго.

Щибаб хасало, щибаб къойил букIунеб гIузру тIоцебе ккараб кинигин вацIцIаризе рекIана гьев.

-Гьанже ине бегьула, дур мацIалда ракьаги гьечIо, бокьараб биданиги гьелда свакги лъаларо, дир ракьаялда гьанги гьечIо дур харбица дунги хинлъуларо,-янги абун, тIимугъги данде бачун гьев цIидасан хъвадаризе лъугьана, абизе жо тIагIарав кочегарги лъачIого бачIараб хасалиде данде хIадуризе къокъана.

Мунагьал чураяв нижер редакторасул букIана гьадинаб гIадат. Цин абулаан :"Дица нужее цо "предложение" кьезе буго нужеца гьелда тIасан нужерго пикру загьир гьабе",-ян. Хадуб лъица кинаб пикру загьир гьабуниги, жинца абуралдаса кьуризе бегьулареблъиги бичIчIинабулаан. Иргадулаб данделъиялда бигьана гьадинаб сурат. Добго къагIидаялда редакторас абуна:

-Дица нужее цо предложение кьезе буго нужецаги...

-нужецаги уян абе!-ян вахъана мунагьал чураяв Бадрудин.

ЦIакъ бокьулаан мунагьал чураяв Бадрудиние берцинаб рагIудалъун, кополаб махсароялдалъун хIалтIуде вачIигун пишацоясул рекIелъ роххел реххизеги, хIалтIуе гъира борхизабизеги. РакIалда буго кIудияй эбелги хун, къваридал пикрабаз ракIги бекун дун пашманго кабинеталде жание лъугьунелъул гьес абурал рагIаби:

-Цо минуталъ цIидасан къватIиеги ун, рагьея нуцIа!

Гьабуна гьес абухъе, нуцIа рагьигун гьес абуна: "ГIумру буго хIалбихьиязул цIураб гвенд.ГIемераб къварилъиги, рохелги буго цебе, мун ругьунлъизе ккола рекIел бухIиги, чорхол хIалги бахчизе. Гьаб хIалтIи буго ахирги гьечIеб, ахиратги гьечIеб.Рукъалъул къварилъиги, дандчIванщинаб гIузруги хIалтIулъе баччун йигони, гьелъ дулъ журналистлъи чIвала. Цоя-цояб буго гьаб нухда дуда цебе, яги мун гIададаго хинкIие гIоло хIалтIудеги хьвадун пачалихъалъул гьин куней йикIина, дур журналистги яхъинаро, ялъуни гьаб махщалица мунги дур заманги квина. Баркалаги кириги дуда батизе гьечIо. Ва амма, гьаниб дуе батила багьа кьун босулареб жавгьар.Щиб дица абиларо.Гьеб дудаго замана щведал бичIчIина. РачIинахъего лъалебин кколеб, амма жанире лъугьанагIан лъалареб жо гIемер батулеб махщел буго гьаб, бихьизе бигьаяб, бачине захIматаб пиша буго гьаб. Гьанже жаниегIанги ячIа мая, гьаб дир макъалаялъулъ ругел гIунгутIабазулги, дида рихьичIел рахъазулги, дие абизе бокьараб жоялъулги анализ гьабе",-янги абун дун гьес столалда нахъа кIусизе тIамуна.

Цо заманалдаса бахъана кIитIикIватIи, йигоан редакциялде рещтIун цо хъулухъчIужу, цIар бицинаро, гьибат ккола.

-Вабабай, жакъа дур берцинлъи, бакъ, моцI рещтIанин ккола,-ян абуна щивав чиясе ракI батун ругьунав Бадрудиница.

Унго-унголъунги берцинлъиялда ракI чIарай гIадан йикIараб хIисаб буго.

"-Дуца абичIониги лъала дида, дун берцинай гIадан йикIин, дир рокъоб матIу буго",-абун кьвагьана гьелъ.

-Дун хъвадарухъан гуревги, къадахъанги вуго. Дир буго гIаштIи, квартIа.

-Цинги-ян гьоркьов къотIизавуна дой гIаданалъ , сабур гIечIого.

Цинги щибха букIинеб, цо квартIа дуе кьезехъин вуго.

-Гьеб дие щайдай?

-ВахI, гьеб кин щай букIунеб. Дур матIуялъ дуда мун йигеб куцалда йихьизаюлей гьечIо. КвартIаги бан гъуре дуца гьеб матIу. Абизе рагIи тIагIун гьей къватIие ана, хIажатаб къваригIелги кIочараб хIисаб буго.

Щибаб махщалил буго жиндирго гьумер, куц, форма. Нилъер форма буго бегIераб мацIги бацIцIадаб роцIараб пикруги, жеги гIужилабги бугони , цIакъго лъикIинги абун гьев хIалтIуде жувана.

Долдаса нахъе гIемераб замана тирана. Къисматалъ рахъ-рахъалде рехана. ЦIидасан хIалтIуде ячIиналде дида гьев ватичIо.

Чанго соналъ цебе рагIана, рекIее цIакъ рокьукъаб хабар, Бадрудин къадаралде щун вугин абун.

ГIумрудулъ битI ккун батилъун тола редакциялъул хIалтIухъабаз гьев гIакъилав инсанасулгун лъай-хъвай ккейги, гьевгун цадахъ хIалтIизе щвейги.

Дандиязул рекIелъе лъугьунедухъ рагIи бицине лъалев, хIасил кколедухъ гара-чIвари гIуцIизеги гьунар бугев Бадрудиница сабурго, гIакъилго, гIодове виччан малъахъвай гьабулаан.

Жиндирго машгьурлъиялде, цIар рагIиялде нух бахъизе гIамал гьабичIо гьес, амма таманалго соназ хIаракатчилъи бихьизабуна газеталъул гьурмаздаса районалъул хIакъикъат загьир гьабизе.

ГIемерав щолаан командировкаялъ гъутабазде, росабалъе.

Бадрудин вукIана жиндаго живго чIарав, цогидазда релълъинчIев, хасаб тIабигIаталъул инсан. Ва гьебго заманалда гIадатияв, киназего ракI рагьарав Бадрудинихъан бажарулаан рекIел хIал лъикIлъизабизе. Гьесие хасиятаб букIана бегIераб юмор, махсара, гьес рицунаан кепал лъугьа-бахъинал. ХIажалъи ккани, кумекалъе кидаго хIадуравги вукIана гьев мунагьал чураяв .

Бокьараб чорхол унтуе даруял хурдузул цIарал рицинеги, халкъияб медицинаялъул хIакъалъулъ бицинеги чара гьечIого хIажатав инсан вукIана.

Бадрудин МартазагIалиевасул хIакъалъулъ гIорхьи гьечIого гIемер бицине бегьула ва гьеб кинабго дагьаб букIина.

Газеталъул таварихалдаги гьеб цIалулезул ракIазулъги Бадрудинил цIар хутIила жиндирго хатI бугел, рагIи бегIерал мухбирзабазул сияхIалда гьорлъ.

Гьесул камилаб, гIакъилаб пикруялъ къалмикье росарал макъалабиги ,гIакълуги, бегIераб юморги камуна редакциялъул коллективалъеги, газета цIалулезеги, гьудул-гьалмагълъиялъеги.

Алжан насиб гьабун Аллагьас рохизе гьарурazda гьоркьов ватаги гьев мунагьал чураяв.

**ГI. МухIамадова**



Районалъул газеталъ-90 сон тІубаялде (1931-2021)

# ЦІАЯЛДАСА ГІАДИН ХІИНКЪУЛААН ГАЗЕТАЛДАСА

Лъалеб букІахъего, тІасияб соналъ нилъер "Гъудуллъи"газеталъ тІубазехъин буго 90 сон.

ХІакъикъаталдаги, гьеб тарих ккола кутакалда кІвар бугеблъун. Гьелде хІадурлъиги, гьеб кІодо гьабиги, цохІо редакциялъул гуреб, тІолабго районалъул ишлъун лъугьинеги ккола. Гьеб цІалана нилъер умумуз ва жакъа нилъецаги цІалулебги буго.

Аби буго, СМИ бугила улкаялъул ункъабилеб власть. Дицаго абилаан нижер заманалда районалда гьеб букІанин кІиабилеб властьлъун.

Щай абуни, райгазеталъул хІалтІи, мухбирзабазул кІвар бугел критическиял макъалаби райком партиялъул тІоцевесев секретарасул хъаравуллъуда рукІунаан.

Редакциялъул хІалтІул план абуни, тасдикъ гьабулаан райком партиялъул бюроялда.

Гьеб заманалда редакциялъул хІалтІуда рукІана кутакалда бажариги, лъайги бугел, халкъалъе рокьулел мухбирзаби. Расги кІвахІаллъичІого, рекІизе машина щвечІониги рилълъанхъун, лъелго щолаан гьел росабалъе, хъутабазде, гІи-боцІул фермабазде...

Гьезул аслияб мурадги букІана газета берцин, бечед ва цІалулеблъун гьаби гуребги, халкъалъухъе жиндир заманалда "информация" щвезаби.

ХІакъикъаталдаги, районалъул захІматчагІазда киданиги кІочон теларо унго-унголъунги жал профессионалиял мухбирзабилъун рукІарал мунагьал чураял: МухІамад Сайпудинов, Увайс Расулов, Бадрудин МуртазагІалиев, МухІидин ТемирсултІанов, Залумхан Абакаров, ХІусен ХІусенов, Бадрудин МуртазагІалиев, Сагитав Къурбанов, ГІабидула СултІанов, Шамхал Дибиров, Шамил Мусаев, ГІумаргІали Хайрудинов, типографиялъул хІалтІухъаби мунагьал чураял ГІабдула МухІамадов, КъадимухІамад Мажидов ва Дибиров Дибир, гьединго Загьра Шамсудинова, МухІамадов Камалудин, гьесулго яц ПатІимат МухІамадова, ПатІина Эльдарова, Назра ХІайбулаева, ХІалимат ПатахІова, суратал рахъулев чи, лъикІав инсан ХІайбула Ибрагьимов, МухІамад Ибрагьимов, МуртазагІалиев Шамиль, редакторлъун хІалтІарав МухІамад МухІамадов, жавабияв секретарьлъун хІалтІарав ШагІбан ХІизбулаев, ХІажияв Сайпуев, ПатІимат-Загьра ТІалхІатова, ГІайшат ГІамирхІамзаева, ПатІимат Дибирова, Шумайсат ГІумарова, Пахрудин АсхІабов, Заира ГІумарова ва гь.ц.

АнцІ-анцІ соназ нухмалъи гьабуна редакциялъе бажариги бугев, ритІухълъиги, тІалабчилъиги чорхолъ бессарав мунагьал чураяв ШагІбан Лабазановас. Гьесдаса хадуб, тІолабго улкаялдаго газеталъул къиматги гІодобе ккараб, цІалулел чагІиги дагьлъараб заманалда, къуркьи гьечІеб тулпарлъун халкъалъе хІажатаб ва интересаб казиятлъун бихьизабуна ва къимат борхизабуна "Гъудуллъи" газеталъул жакъа республикаялъул "ХІакъикъат" газеталъул бетІерав редакторлъун вугев унго-унгояв хъвадарухъан ГІумахан ГІумахановас.

Гьединал мустахІикъал гьалмагъзаби гьенир рукІиналъ, райгазета хІакъикъаталдаги букІана хІаракатаб пропагандистлъунги, коллективияб гІуцІарухъанлъунги.

Ункъого процент макъалабазул букІунаан критическиял анализаз цІурал. Газеталъ рорхарал гьединал кІвар цІикІкІарал цо-цо суалал районалъул бюроялдеги росулаан, гІайибиял нухмалъулел тамихІалдеги цІалаан. Газеталъ борхараб щибаб кІвар цІикІкІараб суал тІубаялда хадуб хъаравуллъи гьабулаан живго районалъул тІоцевесев секретарасги.

Газеталъул щибаб номералда ругел критикиял макъалаби кІвекьмаххалъги къунцІун, хъаравуллъи гьабизе рикьулаан райкомалъул отделазул бутІрузухъе...

Доб заманалда районалъул бокьараб даражаялъул нухмалъулев цІаялдасан гІадин хІинкъулаан райгазеталдасан.

1985 соналъ дун вукІана райкомалъул гІуцІалилаб отделалъул нухмалъулевлъун. Дихъе жаниве цо макъалаялъе "объяснительная" хъвазе вачІарав нухмалъулес абуна: "Дун хІинкъулев вукІана райгазета цІализе, цощинаб дир цІардай гьениб батила"- абун.

Гьай-гьай, гьединаблъун букІана газета. РукІана газеталда лъикІа-лъикІал рубрикабиги: "Суал борхана, хІасил щиб ккараб?", "Судалъул залалдасан", "Милициялъул ахІичІел гьалбал" ва цогидалги.

Газета, жибго газета хІисабалда танани, гьелъул къуват дагьаб букІуна. Гьелъие къойилаб квербакъи гьабизе ккола райадминистрациялъги.

Редакциялъул коллективалъул букІана цоги лъикІаб гІадат.

ТІоцебесеб ва ичІабилеб маязул къояз бищун берцинаб, бищун бечедаб букІунаан гьезул маевка, ай тІабигІаталда хІалхьи гьабизе ин ва гІодорчІей.

Гьеб кІиябго къоялъ радал хекко площадалда тІоцебесеб кьурдул свериги бахъулаан редакциялъул мухбир мунагьал чураяв Увайс Расуловас.

Огь, букІараб коллективги, огь рукІарал хІалтІухъабиги!

Жакъа редакциялъе нухмалъи гьабулеб буго ДРялъул Культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан, бажари-жан бугев МухІамадрасул ГъазимухІамадовас. Мухбирлъи бачунеб буго тІадехун рехсарал рагІул устарзабаз хІадурарай Заира МухІамадовалъ.

Замана хисун бугониги, хІалбихьи щварал мухбирзаби тІагІун ругониги, редакциялъул марка хисизе тезе бегьиларо.

Коллективалде гьари буго: "Пероялъул бегІерлъи цІуне! Макъалаби хъвалаго, нахъе ралагьуге! Журналистасул къадру борхатго цІуне! Дол рагІул устарзабазул лъалкІ билизе тоге!",-ян.

**МухІамад АТАЕВ.**



# Памятка по хранению и ношению гражданского оружия

Принадлежащие гражданам Российской Федерации оружие и патроны должны храниться по месту их проживания с соблюдением условий, обеспечивающих их сохранность, безопасность хранения и исключающих доступ к ним посторонних лиц, в запирающихся на замок сейфах или металлических шкафах, ящиках из высокопрочных материалов либо в деревянных ящиках, обитых железом. Органы внутренних дел по месту жительства владельцев имеют право проверять условия хранения зарегистрированного ими оружия.

Хранение оружия и патронов гражданами Российской Федерации в местах временного пребывания должно осуществляться с соблюдением условий, исключающих доступ к оружию посторонних лиц.

Ношение огнестрельного длинноствольного оружия осуществляется в расчехленном состоянии, со снаряженным магазином или барабаном, поставленным на предохранитель, а огнестрельного короткоствольного оружия - в кобуре в аналогичном виде.

Досылание патрона в патронник разрешается только при необходимости применения оружия либо для защиты жизни, здоровья и собственности в состоянии необходимой обороны или крайней необходимости.

Также сообщаем, что приобретенное оружие подлежит регистрации по месту получения лицензии в двухнедельный срок со дня приобретения оружия. (Оружие иметь при себе для проведения осмотра).

Напоминаем, что не позднее чем за месяц до истечения срока действия выданных разрешений на хранение и ношение оружия необходимо представить в отделения ЛРР по месту регистрации гражданина заявление и документы, необходимые для продления срока действия разрешений.

В случае нарушения сроков действия выданных разрешений на хранение и ношение оружия будут применяться меры административного воздействия (наложение административного штрафа на граждан в размере от трех тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией оружия и патронов к нему, либо административный арест на срок от пяти до пятнадцати суток с конфискацией оружия и патронов к нему).

Граждане в случае неправомерного применения зарегистрированного гражданского оружия будут привлечены к уголовной ответственности согласно законодательства Российской Федерации.

**ЦЛРР Управления Росгвардии по Республике Дагестан.**

# В администрации Ботлихского района обсудили реализацию проекта «100 школ»



Очередное еженедельное совещание по вопросам текущей деятельности органов местного самоуправления и организаций на территории района провел сегодня исполняющий обязанности главы МР «Ботлихский район» Руслан Гамзатов.

Глава района высоко оценил качественную организацию турнира Любительской футбольной лиги Ботлихского района, состоявшегося накануне, поблагодарил начальника отдела по ФКСДМ и Т Руслана Муртазалиева и других организаторов за ответственную работу. Также поручил включить данный турнир в ежегодный календарь спортивных мероприятий района.

В рамках совещания Руслан Гамзатов сообщил о принятом решении установить детскую площадку на территории ДЮСШ в селе Ботлих – Микрорайон. В связи с чем, поручил директору ДЮСШ Магомедгаджи Магомедгаджиеву ускорить проведение работ и оперативно восстановить освещение на площадке.

Далее директор УЖКХ Абдулмажид Мутаев проинформировал о ходе работ по восстановлению насосной станции в местности «Ачабалда» совместно с администрацией сельского поселения «сельсовет «Ботлихский», в рамках которой предусмотрено приобретение нового оборудования, проведение ремонтных работ и постановка объекта на учет.

Также было обсуждено состояние межпоселковых дорог и содержание их в надлежащем виде. Заместителю генерального директора Ботлихской ДЭП № 7 Избудину Хизбулаеву было поручено поддержание в чистоте проезжей части автодорог в районном центре.

Заместитель начальника управления образования Ботлихского района Джавгарат Сулейманова доложила о проведенных на сегодняшний день работах в рамках на реализации проекта «100 школ». Глава района обратил внимание, что УО необходимо держать под контролем ход работ и обеспечить завершение ремонта к началу учебного года.

Руслан Гамзатов отметил необходимость более активного участия в федеральных и республиканских программах развития для строительства социально-значимых объектов на территории района.

# Турнир Любительской футбольной лиги

9 августа в нашем районе прошло масштабное спортивное событие. На центральной спортивной площадке провели турнир Любительской футбольной лиги Ботлихского района, в котором приняли участие 16 команд из сел района.

В этом году турнир был посвящен памяти Саитбега Алхасова, долгое время проработавшего директором «Чанковской СОШ». Организаторами лиги являются Магомед Алиев, Магомед Митаров и Шамиль Раджабов. Финансирование футбольного турнира было обеспечено за счет средств районного бюджета и спонсоров.

Отметим, что игры лиги проходили с октября 2019 года и были приостановлены в связи с ограничениями в период пандемии.

По итогам игр в финальном туре были определены победители.

Исполняющий обязанности главы МР «Ботлихский район» Руслан Гамзатов поздравил победителей футбольной лиги, поблагодарил участников и организаторов турнира за качественную организацию.

«Этот турнир должен стать хорошей традицией и обязательно нужно его включить в календарный план спортивных мероприятий района. И мы всячески будем поддерживать такие мероприятия», - отметил глава района.

Команды, занявшие с первого по третьи места, награждены денежными призами, кубками и медалями. Приз за 1-е место – 75 тыс. рублей получила команда «Техникс», 2-е место «Анди» - 50 тыс. рублей, 3-е место «Аякс» - 25 тыс. рублей.



# В нашем районе подвели итоги по оценке эффективности развития сельских поселений за 2019 г

В администрации нашего района под руководством исполняющего обязанности главы района Руслана Гамзатова состоялось заседание комиссии по оценке эффективности развития сельских поселений МР «Ботлихский район», в рамках которого подвели итоги за 2019 год.

Руслан Гамзатов отметил, что целью конкурса является повышение результативности управления социально-экономическим развитием сельских поселений, повышение качества решения вопросов местного значения и укрепление взаимодействия администрации района и администраций сел.

Показатели эффективности определяются по результатам 20 критериев, за выполнение которых назначаются рейтинговые баллы.

Так на основании данных, полученных от ответственных организаций, внесены сведения в оценочные листы и присвоены баллы в разрезе сельских поселений. По итогам листов и баллов определена тройка лидеров, достигшие наилучших показателей, которым выделяются гранты из районного бюджета.

Призовые места присвоены следующим селам: Тлох – 300 тыс. рублей, Ансалта – 200 тыс. рублей, Кванхидатли – 100 тыс. рублей.

Начальник ФУ и Э АМР «Ботлихский район» Заурбек Муслимов рассказал, что оценка проходила честно и открыто, и претензий со стороны глав и других организаций не имеется.

Глава района обратил внимание на необходимость увеличения грантового фонда. Также предложил рассмотреть изменения в критериях оценки эффективности развития.

**Пресс-служба администрации МР «Ботлихский район»**




**ГIудуллъи газета гIуцIарал**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**

Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru **Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул ишал тIуралев**

***М-Р. ХI.ГъазимухIамадов***

**Мухбирзаби:**
ГI.МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**
**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -300**
**Индекс-51349**

*Заказ №* _____